



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RÈGLEMAN YO PWOPOZE POU KANABINOYID KI SOTI NAN CHANV YO

### *Pwogram kanabinoyid ki soti nan chanv Depatman Sante a ap bay lisans pou transfòmasyon ak detayan yo epi fikse nòm kontwòl kalite yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia ke Depatman Sante Eta New York la (New York State Department of Health, NYSDOH) te depoze [règleman yo pwopoze](#) pou règleman pou pwodui kanabinoyid ki soti nan chanv yo nan Eta New York. Dapre [lejislasyon](#) Gouvènè a te siyen nan kòmansman ane a, Depatman an ap kreye yon Pwogram Kanabinoyid ki soti nan chanv lan. Pwogram nan ap bay lisans pou transfòmasyon ak detayan kanabinoyid ki soti nan chanv yo alafwa epi fikse nòm kontwòl kalite ke tout pwodui kanabinoyid ki soti nan chanv yo dwe reponn yo.

"Règleman sa yo se pwochen etap vè règlemantasyon pou endistri chanv lan k'ap grandi nan New York nan yon fason pou pwoteje konsomatè yo epi ede asire vyabilite alontèm sektè a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè'n etabli Pwogram Kanabinoyid ki soti nan Chanv Eta a, pou règleman pou pwodiksyon ak vant chanv ak ekstrè chanv yo, sa ap ede pwoteje konsomatè ak agrikiltè yo alafwa."

Pwogram Kanabinoyid ki soti nan Chanv lan ap òganize epi lejitime mache kanabinoyid la nan New York lè nou kreye yon kad pou bay lisans pou transfòmasyon ak detayan kanabinoyid ki soti nan chanv yo, epi lè nou etabli nòm fabrikasyon, anbalaj ak etikèt ak tès laboratwa debaz yo. Aktyèlman, aplikasyon pou bay lisans a transfòmasyon ak detayan kanabinoyid ki soti nan chanv yo nan devlopman, epi NYSDOH gen entansyon pou rann yo disponib nan kòmansman 2021.

Nan 2015, Gouvènè a te lanse Pwogram Pilòt Rechèch Agrikilti sou Chanv Endistriyèl la, ki sipòte kiltivatè epi estimile devlopman ekonomik lan plis nan rejyon nò Eta New York. Depi lè sa, pwogram chanv New York la te devlope anpil, ki fè New York youn nan premye eta pwodiktyè chanv nan peyi a, ak plis pase 700 kiltivatè ak 100 pwodiktyè pwodui chanv. Chanv se yon rekòt dirab, ki kenbe kabòn ki kapab transfòme an plizyè santèn pwodui ki enkli tekstil, founiti, mèb, kabiran, manje, materyo konstriksyon ak pwodui swen pèsònèl.

Gen kèk pwodui chanv popilarite yo te ogmante ki enkli pwodui kanabinoyid ki soti nan chanv tankou Kanabidyòl, oswa CBD, ke ou ka jwenn sou entènèt oswa nan magazen detay yo nan tout eta a. Pandan règleman yo egziste nan nivo federal pou kilti chanv

lan, pa gen règleman federal aktyèlman pou trètman ak pwodiksyon pwodui kanabinoyid ki soti nan chanv, ki lakoz mache kanabinoyid ki soti nan chanv lan manke pwoteksyon debaz pou konsomatè a ki komen nan sektè konsa. Gen rapò ki pibliye sou pwodui kanabinoyid ki soti nan chanv ki pa genyen okenn kanabinoyid men ki genyen nivo THC ki pa presize oswa ki pa konsistan - eleman psikoaktiv plant kanabis la - oswa ki kontamine ak toksin ki danjere.

Règleman ki pwopoze yo konble vid reglemantè sa epi kreye yon sistèm ki pèmèt itilizasyon kanabinoyid ki soti nan chanv yo nan kèk manje, bwason, pwodui twopikal ak sipleman alimantè, depi yo reponn ak egzijans reglemantè yo. Tout pwodui kanabinoyid ki soti nan chanv yo dwe pwodui lè yo itilize bon pratik fabrikasyon ki baze sou itilizasyon pwodui final la. Etikèt la dwe genyen kantite kanabinoyid total ki nan pwodui a, kantite kanabinoyid pa pla, yon tablo enfòmasyon sou nitrisyon oswa sipleman, enfòmasyon sou si pwodui a genyen THC ak avètisman apwopriye ki endike pwodui a pa fèt pou timoun, itilizasyon li ka lakoz echèk yon tès dwòg, pwodui a pa't evalye pa FDA epi si se yon moun ki ansent oswa k'ap bay tete, pou konsilte yon pwofesyonèl swen sante anvan li itilize l.

Anplis, pwodui kanabinoyid ki soti nan chanv yo egzije tès nan laboratwa anvan yo antre sou mache a, avèk tès pou pwofil kanabinoyid, metal lou, enpite mikwòb, mikotoksin, pestisid ak sòlvan rezidyèl. Enfòmasyon sa yo nesesè pou konsomatè a rekipere sou fòm yon kòd QR oswa lyen ki koresponn sou etikèt pwodui a. Detayan yo entèdi pou vann pwodui kanabinoyid ki soti nan chanv ki ka rale yo, tankou pwodui vapotaj yo, pou konsomatè ki gen mwens pase 21 an yo. Transfòmasyon yo entèdi pou fè deklarasyon ki sijere pwodui a ap dyagnostike, geri, diminye, trete oswa prevni maladi.

**Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te di,** "Lè ou achte yon pwodui, ou ta dwe gen konfyans ke sa ki deklare sou etikèt la nan pwodui a reyèlman. Ak ogmantasyon pwodiksyon ak itilizasyon pwodui kanabinoyid ki soti nan chanv yo, Eta New York pa't ka tann pou gouvènman federal la aji, pou enstore pwoteksyon pou pwoteje sante ak sekirite Nouyokè yo."

**Senatè Jen Metzger te deklare,** "Règleman sa yo ap bay sètite nou t'ap tann pou sektè chanv lan epi ofri yon opòtinite ekstraòdinè pou kiltivatè yo pandan y'ap asire ke nou genyen nòm konsomatè yo bezwen pou yon pwodui ki san danje epi bon kalite. Antanke Senatè ki pwopoze pwojè lwa ki kreye kad reglemantè a, mwen vle remèsye Gouvènè a pou lidèchip kontini li pou fè sektè chanv lan avanse epi fè pwosesis reglemantè a pwogrese, e mwen ankouraje kiltivatè New York ak pati ki enterese yo pou revize règleman yo epi bay opinyon pandan peryòd kòmantè 60 jou a".

**Manm Asanble Donna Lupardo te di,** "Ak règleman sa yo, New York ap kreye yon modèl nasyonal pou sekirite konsomatè, egzije etikèt ak nòm pwodiksyon ki estrik. Enklizyon ekstrè kanabinoyid nan manje ak bwason ap bay nouvo opòtinite ekonomik pou kiltivatè, transfòmasyon, pwodiktè ak detayan nan tout eta a. Mwen apresye angajman kontini Gouvènè a pou sektè chanv New York la e mwen enpasyon pou

travay ak administrasyon li a pandan règleman sa yo ap finalize nan peryòd kòmantè piblik la".

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Kanabinoyid ki soti nan Chanv New York la, epi pou wè règleman yo pwopoze yo, tanpri vizite: <https://health.ny.gov/regulations/hemp/>.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)